

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu bab métode panalungtikan téh medar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) téhnik panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif anu sumber datana mangrupa konvérsasi atawa paguneman nu aya dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri kalayan métode deskriptif. Métode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsiikeun adegan konvérsasi nu ngawengku pola konvérsasi, wanda topik dumasar kaédah konvérsasi jeung prinsip konvérsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri.

Aya sababaraha léngkah pikeun ngararancang jeung ngalaksanakeun ieu panalungtikan, nyaéta (1) ngarumuskeun masalah anu aya patalina jeung adegan konvérsasi katut pola, kaédah jeung prinsip gawé bareng; (2) maca kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri sacara gembleng; (3) ngumpulkeun data ku cara nyalin kalimah anu aya dina konvérsasi atawa paguneman nu ngandung pola, kaédah, jeung prinsip gawé bareng kana kartu digital; (4) ngawilah-wilah data anu kaasup pola, kaédah, jeung prinsip gawé bareng; (5) nganalisis data ngagunakeun téhnik unsur langsung; (6) ngadéskripsiikeun data nyaéta pola, kaédah, jeung prinsip gawé bareng; jeung (7) nyieun kacindekan. Anapon galur panalungtikanna saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh konvérnsasi atawa paguneman anu aya dina sumber data nyaéta buku kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri kandelna 62 kaca nu ngawengku 7 carpon anu dijerona aya 54 paguneman. Ukuran buku $21\text{ cm} \times 15\text{ cm}$. Salian ti éta sagala rupa référénsi boh buku, jurnal, anu aya patalina jeung panalungtikan. Saterusna éta data dianalisis dumasar adegan konvérnsasi nu ngawengku (pola konvérnsasi, kaédaḥ konvérnsasi, jeung prinsip gawé bareng).

TabéL 3.1
Judul Carpon dina Kumpulan Carpon Nadran karya Ahmad Bakri

No.	Judul Carpon	Singgetan	Kaca
1.	Nu Kungsi Eunteup dina Lelembutan	NKEDL	7
2.	Nadran	ND	17
3.	Jimat	J	27
4.	Jontrot	JO	37
5.	Musim Harénghéng	MH	46
6.	Sebel Tuda...!	ST	52
7.	Kasurupan	K	58

Tingkesan tina tiap-tiap carpon ébréh ieu di handap.

a. Nu Kungsi Eunteup dina Lelembutan

Carpon ieu nyaritakeun tokoh kuring anu papanggih deui jeung Néng Mamah nu mangrupa wanoja nu dipikaresep ku manéhna dina lima taun katukang. Tokoh kuring panggih jeung Néng Mamah nalika nganjang ka lembur Paman milu jeung kapiadina, Oma. Dicaritakeun kajadian nalika Néng Mamah jeung tokoh kuring mimiti tepang kapungkur. Dina ahir carita, kakara dicaritakeun alesan naha baheula surat ti tokoh kuring tara diwaler sarta Néng Mamah nyaritakeun kaayaan manéhna ayeuna nu tos nyandang status randa nu miboga putra.

b. Nadran

Carpon ieu nyaritakeun carogéna Kang Adnan jeung murangkalihna nyaéta Asep nu keur nadran ka makam Kang Adnan. Nalika keur nadran ditempongkeun kaayaan indungna Asep anu kacida sedihna sarta bingung kumaha kudu ngajelaskeun ka putrana yén Bapana téh geus maot. Teu disangki Asep jeung indungna panggih jeung carogé ogé putrana Rukmini anu keur nadran ka makamna Rukmini. Didinya kakara dicaritakeun yén Rukmini téh mangrupa popotongan Kang Adnan sarta carogéna Rukmini téh mangrupa sobat dalitna Kang Adnan. Dicaritakeun ogé kumaha mimitina nepi ka Kang Adnan sareng Rukmini téh papegat, carogéna Rukmini ngaraos dosa ku kituna hayang mintonkeun kanyaah ka Asep ku cara meulikeun momobilan jeung acuk nu dipikahayang ku Asep nu tatadi tos disebutan waé nalika keur nadran makam Kang Adnan, étang-étang ngalebur dosa ceuk caroge Rukmini téh.

c. Jimat

Carpon ieu nyaritakeun ngeunaan tokoh kuring anu dibéré jimat ku Mang Tawi pikeun dipaké nalika ngadu maén bal jeung urang Cihaurgeulis, ku lantaran salasahiji kekentong ti Cihaurgeulis anu ngaranna Sanroip téh awakna gedé pisan. Nalika keur ngadu maén bal pék téh

tokoh kuring angger wé teu bisa ngéléhkeun Sanroip nu antukna tokoh kuring jadi cilaka. Balik ti Cihaurgeulis éta jimat téh dibalikkeun deui ka Mang Tawi, tokoh kuring ngarasa hanjakal mawa éta jimat lantaran lamun teu mawa éta jimat wawanén téh moal mudel, sagalana dikira-kira tur diukur heula ku tanaga sorangan henteu takabur siga kamari.

d. Jontrot

Carpon ieu nyaritakeun Ékéng anu kaceluk pangbedasna, awakna ngeusi barencing. Ékéng ngomong ka Ido yén awak manéhna bisa jadi saperti kitu lantaran saminggu sakali nginum anggur kolésom anu dijual ku tukang obat di pasar. Sabaraha poé ti dinya, Ido aya di pasar kabeneran ningali tukang obat nu keur icalan anggur kolésom nu dicaritakeun téa teu lila Ékéng nyampeurkeun nitah Ido ngadekeutan tukang obat téa. Ékéng anu mimiti meuli éta anggur kolésom téh tur jadi conto nu sok disebut-sebut waé ku tukang obat, tungtungna Ido téh kabita keur meuli éta anggur kolésom tapi geus sabulan ngalanggan meulian anggur kolésom angger teu aya parobahan dina awakna angger wé pias jeung gemboy cara baréto. Teu lila ti dinya, Ido ningali Ékéng nu keur nyieun anggur kolésom jeung tukang obat, Ido ogé ningali yén tukang obat téh méré duit ka Ékéng pikeun jadi jontrot nu sok meuli anggur kolésomna nalika manéhna keur icalan di pasar. Ido tuluy ambek ka Ékéng sarta ngancem rék ngalaporkeun ka Kacamatan kabeneran Ujang téh teu ngahaja ngadéngé aya nu keur ngaromong pék téh nya éta téa Ido jeung Ékéng. Ujang ngolo Ékéng sangkan nyaritakeun kumaha cara nyieunna anggur kolésom téh, tuluy dicaritakeun wé yén anggur kolésom téh dijieunna tina gula pasir nu disangray dina pariuk tuluy dibauran pedes sacanggeum sarta dibibis ku ciasem tuluy diaduk nepi ka dalit, tambahan ku cai nu ngagolak bari dikocék lamun geus haneut dibauran uyah lembut jeung apu seupah saeutik tuluy dikocék deui. Bakating sieun dilaporkeun ku kituna Ékéng nyieun kasapukan yén bakal méré lima benggol séwang unggal mingguna asal ulah papanjangan deui. Ku kituna Ido nyapukan.

e. Musim Harénghéng

Carpon ieu nyaritakeun ngeunaan carita jaman baheula nu dicaritakeun ku Mang Encim ka nu keur ngaronda. Caritana téh baheula mah harénghéng pisan sabab réa bangsat ku kituna anu ngaronda gé tingselendep rerencepan, unggal imah ditalingakeun bisi aya nu poho tutulak, isi aya nu salungkar-salingker di papar-pipir teu siga jaman ayeuna ngadon saliduru waé anu ngaronda téh. Salian ti éta, Mang Encim ogé nyaritakeun nalika manéhna salah ngaronom bangsat lantaran anu disangki bangsat téh da lain bangsat sabenerna mah tatapi mitohana.

f. Sebel Tuda...!

Carpon ieu nyaritakeun ngeunaan dua wanoja anu keur ngawangkong nyaritakeun pangalamanana nu matak pikasebeleun tapi pikaseurieun ogé. Lolobana dicaritakeun ngeunaan pangalaman nyanghareupan lalaki nu cunihin di bioskop.

g. Kasurupan

Carpon ieu nyaritakeun Jang Ili nu kasurupan tuluy dibantuan ku Wa Alkasan tur ditanya-tanya saha nu nyalikan Jang Ili téh. Ceuk nu nyalikan Jang Ili téh embah nu asalna ti Cigencoy rék ngalongok incuna, béjana dimomorékeun ceunah. Salian ti éta nu nyalikana téh ménta dahar heula, sarta daharna téh kudu luyu jeung kahayangna nyaéta endog tujuh siki dikulub sawaréh digoréng sawaréh, kéjona sing gedé jeung sambel, tapi ku lantaran coétna dipaké keur parukuyan jadi wéh embah hayangna kécap dicéngékan. Sanggeus ditedunan kahayangna, Jang Ili téh peureum. Isukna Jang Ili ngurihit ménta duit, bro dibéré sapaméntana. Kaopat poéna dating ngadon ménta deui duit tapi ku indungna dipogogan, da atay bikeunana. Der deui kasurupan cara kamari, leuwih motah malah. Ditarékahana néang deui Wa Alkasan tapi keur nyaba. Dén Ma'mun laju nyarankeun Jang Ili pikeun diwewelan endog kacingcalang jeung dicabut kuku indungna. Ngadéngé kitu Jang Ili embungeun dibéré endog kacingcalang jeung dicabut kuku indungna tapi angger wé diwewel-wewelkeun teu lila Jang Ili tuluy héés, nyegrék kérék ti harita tara katerap deui.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data pikeun dianalisis, tangtuna butuh téhnik atawa cara pikeun ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan téhnik nu digunakan téh studi pustaka. Hartina bahan dikumpulkeun dumasar kana literatur saloba-lobana pikeun ngadeudeul prosés nganalisis adegan konvérsasi kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Nurutkeun Nazir (2014, kc. 79) téhnik studi pustaka mangrupa survéy kana data nu geus aya, sarta neuleuman tiori tuluy ditalaaah.

Léngkah-léngkah nu baris dipilampah ébréh ieu di handap.

- (1) Milih obyék panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri;
- (2) maca obyék panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri;
- (3) Nyirian konvérsasi dina sumber data; jeung
- (4) Nyalin konvérsasi tina sumber data kana kartu data digital.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén disebut minangka alat évaluasi pikeun ngukur data tina obyék panalungtikan. Data nu digunakan dina ieu panalungtikan nyaéta data paguneman nu mibanda adegan konvérnsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Dina ngumpulkeun data panalungtikan, digunakan instrumén kartu data digital. Kartu data digital digunakan pikeun ngumpulkeun data paguneman nu mibanda adegan konvérnsasi. Saterusna, éta data téh dibéré idéntitas.

No. Data:	Kode Data: (N/C-NKEDL/7/P2)		
Pola Konvérnsasi			
Wanda Topik Konvérnsasi	S J SL		
Prinsip Gawé Bareng	MKn	MKI	MK MC

Bagan 3.1
Bagan Kartu Data Digital

Keterangan:

- No : Nomer
N : *Nadran*
C : Carpon
NKEDL : Nu Kungsi Eunteup dina Lelembutan
7 : Nomer kaca
P2 : Paragraf 2
S : Salancar
J : Jembar
MKn : Maksim Kuantitas
MKI : Maksim Kualitas
MK : Maksim Kasaluyuan
MC : Maksim Cara

3.5 Téknik Ngolah Data

Nurutkeun Miles jeung Huberman (Sugiyono, 2017, kc. 129) perkara nu penting jeung hésé dina panalungtikan kualitatif téh nyaéta métode analisisna nu teu mibanda formula nu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, sabada data dikumpulkeun ngagunakeun téhnik studi pustaka, tuluy éta data téh diolah jeung dianalisis. Proses ngolah jeung analisis datana ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Unsur-unsur anu

dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta pola konvérssasi, wanda topik dumasar kaéda konvérssasi, sarta prinsip konvérssasi,

Léngkah-léngkah nu dipilampah dina ngolah data, nyaéta

- a. niténan deui data penggelan konvérssasi nu geus dikumpulkeun;
- b. nyieun papasingan data dumasar kana pola konvérssasi, wanda topik konvérssasi jeung prinsip gawé bareng kana tabél;
- c. analisis data konvérssasi dumasar kana pola konvérssasi, wanda topik konvérssasi, jeung prinsip gawé bareng kana tabél;
- d. analisis data konvérssasi dumasar kana pola konvérssasi, wanda topik konvérssasi, jeung prinsip gawé bareng kana tabél;
- e. ngadéskripsikeun data konvérssasi dumasar kana pola konvérssasi, wanda topik konvérssasi, jeung prinsip gawé bareng;
- f. napsirkeun data konvérssasi dumasar kana pola konvérssasi, wanda topik konvérssasi, jeung prinsip gawé bareng;
- g. nyusun kacindekan.

Tabél 3.2
Data Paguneman

No Data	Data Adegan Konvérssasi	Kode Data
(01)	A: “Lain hayu...ngalulungkut waé!” K: “Tulus kitu...?” A: “Aéh-aéh...maenya make teu tulus!” K: “Pédah waé ngaruy kieu,” A: “Olo-olo siyah, make kudu dipapag kawas pangagung,” K: “Sugan téh moal tulus pédah kieu.” A: “Batur geus kareseleun, ngadagoan ti isuk kénéh!”	(N/C-NKEDL/7/P2)
(02)	A: “Di Padahérang eureun heula, Mo, nyampeur pingping!” K: “Hah...? Nyampeur naon? Baruk nyampeur pingping?” A: “Ari kitu...?” K: “Ning geus beuki nu kitu...?” A: “Na silaing teu beuki kitu...?” K: “Palias déwék mah!”	(N/C-NKEDL/8/P4)

Data nu geus disalin, tuluy dihijkeun dumasar kana nomer datana dina wangun tabél. Tuluy éta data-data téh dipasing-pasing dumasar kana studi pragmatis nu geus ditangtukeun saméméhna. Éta data papasingan téh diulik jeung dianalisis ngagunakeun tiori pragmatik.

Dumasar kana runtusan data, tuluy disusun format analisis data pola konvérssasi saperti ieu di handap.

TabéI 3.3
Data Pola KonvérSasi

No	No Data	Data	Pola KonvérSasi
1)	(05)	K:“Ka mana ieu téh? Maenya nu ngoyok di pasir.” O:“Tuturkeun waé... Ngala keur maskawinna heula,” (N/C-NKEDL/10/P15)	Pola 1 AK → P – Pa – (n)
2)	(50)	JJ :“Aya naon ieu téh?” WHK:“Éta tuang putra ngadak-ngadak kitu, kawas kabawa ku sakaba-kaba, tah geuning Wa Kasan sumping. Mangga nyanggakeun, da kuring mah teu apal.” JI :“Haduh halah... teu suka, deuleu teu suka, incu kakasih kami dimomorékeun!, geténan, deuleu, geténan, pipanganténeun éta téh...! Ati-atih, siah, haduh halah, ati-atih!” (N/C-K/59/P4)	Pola 2a AK → P1 – Pa2 + P3

Dumasar kana runtuyan data, tuluy disusun format analisis data wanda topik konvérSasi saperti ieu di handap.

TabéI 3.4
Data Wanda Topik KonvérSasi

No	Nomor Data	Data	Wanda Topik KonvérSasi		
			S	J	SL
1)	(04)	K:“Rék ka marana tatéh, tingalabring kitu?” O:“Ngabarungbang.... Di dieu mah ari tanggal opatlas téh sok ngabarungbang, marulan. Kolot-kolot mah sok marapay makam-makam Karamat. Ari barudak ngora mah sok tingalabring kitu waé sarukan-sukan. Nu ngaradon Marandi waé sawaréh mah... Nyipuh di dituna mah nurutan nu baheula... Yu geura, sugaran kawénéhan, urang ngintip parawan ngoyok,” (N/C-NKEDL/9/P13)	✓		
2)	(05)	K:“Ka mana ieu téh? Maenya nu ngoyok di pasir.”		✓	

		O: "Tuturkeun waé... Ngala keur maskawinna heula," (N/C-NKEDL/10/P15)			
--	--	--	--	--	--

Keterangan

S : Salancar

J : Jembar

SL : Sambung Luncat

Dumasar kana runtusan data, tuluy disusun format analisis data prinsip gawé bareng saperti ieu di handap.

TabéI 3.5
Data Prinsip Gawé Bareng

No	No Data	Data	Prinsip Gawé Bareng			
			MKn	MKI	MC	MK
1)	(06)	K: "Tangkal naon ieu téh?" O: "Campaka," (N/C-NKEDL/10/P16)	✓			
2)	(04)	K: "Rék ka marana tatéh, tingalabring kitu?" O: "Ngabarungbang.... Di dieu mah ari tanggal opatlas téh sok ngabarungbang, marulan. Kolot-kolot mah sok marapay makam-makam Karamat. Ari barudak ngora mah sok tingalabring kitu waé sarukan-sukan. Nu ngaradon Marandi waé sawaréh mah... Nyipuh di dituna mah nurutan nu baheula... Yu geura, sugan kawénéhan, urang ngintip parawan ngoyok," (N/C-NKEDL/9/P13)		✓		

Keterangan

- a. PGB : Prinsip gawé bareng
- b. MKn : Maksim Kuantitas
- c. MKI : Maksim Kualitas
- d. MC : Maksim Cara
- e. MK : Maksim Kasaluyuan